दिन—मंगलवार दिनांक—17.02.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

बिहार विधानमंडलक बजट सत्रक कार्यवाही आइ सुचारू रूप सँ चलल। आइ विधानसभाक कार्यवाही हो—हंगामा सँ शुरू भेल। प्रश्नोत्तर काल मे स्वर्गीय रामविलास पासवान के कथित अपमानक विषय के लऽकऽ लोजपा रामविलास आ राजद सदस्य लोकनिक मध्य नोक—झोक भेल। विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमारक हस्ताक्षेपक बाद हंगामा शांत भेल आ प्रश्नोत्तर काल पूरा कयल गेल। एहि क्रम मे सदस्य लोकनि शिक्षा विभाग सँ जुड़ल कतेको प्रश्न कयलनि। शिक्षा मंत्री सुनिल कुमार एक प्रश्नक उत्तर मे कहलनि जे शीघ्रहिं विभागक अंतर्गत पैंतालीस हजार परिचारीक नियुक्ति कयल जायत। ओतहि, शिक्षा मंत्री विद्यालय सभ मे देल जायवला मध्यान भोजन के लऽकऽ कहलनि जे छात्र लोकनि के गुणवत्तापूर्ण आ गर्म भोजन देबाक व्यवस्था सुनिश्चित कयल गेल अछि। विभागीय चर्चा मे ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार सेहो आइ अपन विभागक दू सय सैंतीस अरब एक करोड़ सत्रक लाख नब्बे हजार टाकाक बजट प्रस्तुत कयलनि, जकरा पारित कऽ देल गेल।

---

दिल्ली मे चलि रहल एआई इम्पैक्ट समिट मे बिहार सरकार चारि सय अड़सठि करोड़ टाकाक परियोजना आ निवेशक प्रस्ताव पर समझौता कयलक अछि। केन्द्रीय मंत्री राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह आ उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक उपस्थिति मे समझौता पत्र पर हस्ताक्षर भेल। एकर अंतर्गत आईआईटी पटना मे दू सय पचास करोड़ टाकाक निवेश सँ एक रिसर्च पार्कक स्थापना कयल जायत। ओतहि, एआई सेंटर ऑफ एक्सिलेंस लेल साठि करोड़ टाकाक निवेशक प्रस्ताव के सहमति देल गेल। उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी पत्रकार लोकनि के जनौलनि जे बिहार टेक हब बनबाक दिस तेजी सँ बढ़ि रहल अछि।

---

केन्द्रीय कृषि आ किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान आइ जयपुर मे एक कार्यक्रम मे किसान लोकनि लेल डिजिटल प्लेटफॉर्म **भारत विस्तार** केर शुभारंभ कयलनि। एहि प्लेटफॉर्मक माध्यम सँ किसान अपन मोबाईल सँ एक कॉल मे सभ आवश्यक जनतब प्राप्त कऽ सकताह। एहि अवसर पर केन्द्रीय कृषि मंत्री एकरा डिजिटल क्रांति मे ऐतिहासिक डेग जनबैत कहलनि जे एहि सँ किसान लोकनि के वैज्ञानिक सलाह, मंडी मूल्य आ मौसम संबंधी जनतब भेटि सकत।

---

भारत रत्न जननायक कपूरी ठाकुरक अड़तीसम पुण्यतिथिक अवसर पर आइ हुनका भावसिक्त श्रद्धांजलि अर्पित कयल गेल। पटनाक जननायक कर्पूरी ठाकुर स्मृति संग्रहालय मे आयोजित मुख्य राजकीय समारोह मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा आ कृषि मंत्री रामकृपाल यादव समेत राज्यमंत्रिमंडलक कतेको सदस्य लोकनि जननायक के श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। बिहार विधानसभा परिसर मे स्थित कर्पूरी ठाकुरक प्रतिमा पर विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार माल्यार्पण कयलनि। एम्हर, जननायकक पैतृक गाम समस्तीपुरक कर्पूरी ग्राम मे आयोजित श्रद्धांजलि सभा मे विभिन्न राजनीतिक दलक वरिष्ठ नेता आ आनो गणमान्य लोक हुनक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ श्रद्धांजलि देलनि। राष्ट्रीय जनता दल दिस सँ सेहो पटनाक बापू सभागार मे जननायकक स्मृति मे पुष्पांजलि कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल।

---

बिहार विद्यालय परीक्षा समितिक वार्षिक मैट्रिकक पहिल दिनक परीक्षा कड़गर सुरक्षा मध्य आइ शांतिपूर्वक संपन्न भेल। एहि बेर परीक्षा मे पंद्रह लाख सँ बेसी परीक्षार्थी सम्मिलि भऽ रहल छथि। जाहि मे सात लाख पचासी हजार सात सय छब्बीस छात्रा छथि। संपूर्ण प्रदेश मे कुल एक हजार छओ सय निनानवे केन्द्र बनाओल गेल अछि। एहि मे सँ एक सय बावन केन्द्र मॉडल केन्द्र अछि। बिहार बोर्ड मैट्रिक परीक्षा के लऽकऽ पटना मे एक नियंत्रण कक्ष बनौलक अछि। जकर नंबर अछि– शून्य छओ एक दू दू दू तीन दू दू पांच सात आ शून्य छओ एक दू दू दू तीन दू दू दू सात। ई दुनू नंबर पर कोनो प्रकारक सहायता लेल संपर्क कयल जा सकैत अछि। दोसर दिस प्रदेश मे सीबीएसई आ आईसीएसई बोर्डक दसम आ बारहमक परीक्षा सेहो आइ सँ शुरू भऽ गेल।

---

जेईई मेंस परीक्षा मे गयाजीक शुभम कुमार बिहार मे प्रथम स्थान प्राप्त कयलनि अछि। विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार एहि उपलब्धि पर शुभम कुमार के बधाई आ शुभकामना देलनि अछि।

————————————————————————

मधुबनीक नगर थाना क्षेत्रक कोतवाली चौक सँ पुलिस जाली नोटक सरगना अबुल इनाम उर्फ लादेन के गिरफ्तार कयलक अछि। एहि सरगना पर कतेको आतंकी संगठन सँ जुड़ल रहबाक संकेत पुलिस के भेटल छल। हिनका पर पाकिस्तानी नागरिक के भगेबाक आरोप सेहो छल।

————————————————————————

समाप्त